**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ РЕСПУБЛИКИ**
**СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ-АЛАНИЯ**
**ГОСУДАРСТВЕННОЕ БЮДЖЕТНОЕ**
**ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ**
**СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА №47**

# ФЕДЕРАЛЬНАЯ РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

## ОСНОВНОГО ОБЩЕГО ОБРАЗОВАНИЯ

учебного предмета
**«Родной (осетинский) язык »**
**для 8-х классов**

г. Владикавказ, 2024

**Кусæн программæ ирон æвзагæй 8-æм къласæн**

Кусæн программæ цæттæгонд у Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы Министрады уынаффæмæ гæсгæ фидаргонд программæйы бындурыл (Ирон æвзаджы программæ 1-11 кълæстæн. – Дзæуджыхъæу: СЕМ, 2014. – 76 ф.).

Къæлиндарон-тематикон пъланы бæрæггонд æрцыдысты канд æвзаджы темæтæ нæ, фæлæ ныхасы темæтæ дæр, 8-æм къласы ирон æвзаджы чиныджы куыд лæвæрд сты, афтæмæй (Ирон æвзаг: ахуыргæнæн чиныг 8 къласæн / Дзасохты Ф. - Дзæуджыхъæу: СЕМ, 2014. – 192ф.)

***Предметы хицæндзинад:*** Ирон æвзаг у ирон адæмы уд æмæ зонд, ирон адæмы культурæйы хæзнадон; ирон æвзаг у ныхас кæныны, хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз, нæ адæмы царды тыххæй зонындзинæдтæ кæрæдзийæн дæттыны фæрæз. Ранымад уавæртæ амонынц предметы хицæндзинад: мадæлон æвзаг хъæздыгдæр æмæ мидисджындæр кæны скъоладзауты миддуне, сæ дунембарынад; ирон æвзаджы фæрцы сывæллæттæ базонгæ уыдзысты сæ рагфыдæлты историимæ, нæ адæмы културæ æмæ царды уагимæ.

Æвзаг канд хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз нæу, æвзаг у хъомылады хотых, æмæ уымæ гæсгæ ирон æвзаджы ахуыртæн скъолайы ис стыр ахадындзинад.

Ахуырадон предмет «Ирон æвзаг» ахуырдзаутæн дæтты зонындзинæдтæ сæ мадæлон æвзаджы тыххæй, рæзын сын кæны сæ æвзаджы æмæ ныхасы арæхстдзинæдтæ. Программæйы нысан у: ахуырдзауты æвзаджы æмбарынæдтимæ базонгæ кæнын, практикон æгъдауæй сæ пайда кæнынил фæцалх кæнын.

Ирон æвзаг скъолайы ахуыр кæныны сæйраг ***нысантæ*** сты скъоладзаутæм рæзын кæнын æвзагон, коммуникативон æмæ лингвистикон компетенцитæ.

*Æвзагон компетенци у* зонын, мадæлон æвзаджы арæзт æмæ дзы куыд пайдагæнæн ис уый, литературон æвзаджы сæйраг нормæтæ, æвзаг æмæ ныхасы аивдзинад.

*Коммуникативон компетенци* нысан кæны мадæлон æвзагæй ныхасы алыхуызон уавæрты, ныхасы темæ æмæ нысæнттæм гæсгæ пайда кæнынмæ арæхсын, зонын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы культурæйы бындуртæ.

*Лингвистикон компетенцимæ* хауынц скъоладзауты зонындзинæдтæ наукæ «Ирон æвзаг»-æй, йæ хæйтты æмæ æвзаг наукон æгъдауæй ахуыр кæныны нысæнттæ, стæй, ирон æвзаджы фæрстытæ цы ахуыргæндтæ иртæстой, уыдоны тыххæй æрмæг.

*Иумæйагæй ахуырадон предмет «Ирон æвзаджы»* ***сæйраг хæстæ*** *сты:*

логикон хъуыдыкæнынады рæзтыл кусын;

скъоладзаутæн сæ мадæлон æвзаг бауарзын кæнын, фæцалх сæ кæнын ирон æвзаг хибарæй ахуыр кæныныл;

иумæйаг ахуырадон арæхстдзинæдтæ рæзыныл куыст (удгоймагон, регулятивон, зонындзинæдтæ исыны (познавательный), коммуникативон);

хъомыладон куыст.

## I. ФПАС-ы бындурыл ирон æвзаджы кусæн программæ

Уæрæсейы Федерацийы Министрады бардзырдмæ гæсгæ (от 31 декабря 2015 года № 1577 «О внесении изменений в ФГОС ООО, утвержденный приказом МОН РФ от 17 декабря 2010 года № 1897»), ахуырадон предметты кусæн программæты хъуамæ уа æртæ хайы. Уыдон сты:

1) нысангонд предметон фæстиуджытæ (предметные результаты);

2)ахуырадон предметы мидис;

3) тематикон пълан, алы темæйæн дæр цы сахæтты нымæц лæвæрд цæуы, уыимæ.

ФПАС-мæ гæсгæ 5-æм къласæй 9-æм класы онг ирон æвзаг æмæ литературæ ахуыр кæнынæн лæвæрд цæуы къуыри æртæ сахаты (алы предметæн дæр – 2 сахаты), 10-11-Æм кълæсты та – къуыри 1 сахат.

Республикон Базисон пълан амоны, фæсурокты куыст æххæст кæнынæн цы рæстæг лæвæрд цæуы, уымæй къуыри 1 сахат ирон æвзаг æмæ литературæйæн дæттын. Афтæмæй, ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыртæ 5-9-æм кълæсты арæзт цæуынц ахæм хуызы:

ахуыры азы 1-аг æмбисы (первое полугодие):

ирон æвзагæй къуыри 1урок+ 1 сахат фæсурокты куыстæн;

ирон литературæйæ къуыри 2 урочы;

ахуыры азы 2-аг æмбисы (второе полугодие):
ирон æвзагæй къуыри 2 урочы,
ирон литературæйæ къуыри 1 урок +1 сахат фæсурокты куыстæн.
Афтæмæй, 5-9 кълæсты ирон æвзагæн лæвæрд цæуы - 68 сахаты.
Нæ Кусæн программæ дæр арæзт цæуы ацы сахæттæм гæсгæ.

## 1. «Ирон æвзаг» ахуыр кæныны предметон фæстиуджытæ

Стандарты домæнтæм гæсгæ скъоладзаутæм хъуамæ уа бæлвырд зонындзинæдтæ ирон æвзагæй. Иумæйагæй ион æвзаг ахуыр кæныны фæстиуджытæ сты:

*Предметонтæ:*

1. Ирон æвзаджы курсы мидис 5–9-æм кълæсты æнгом баст у ахуыры хæстимæ. Уый домы, цæмæй ахуырдзаутæ фаг зонындзинæдтæ райсой æвзаджы æппæт хæйттæй дæр: фонетикæ, орфоэпи, лексикæ, фразеологи, морфемикæ, морфологи, синтаксис, стилистикæ æмæ ныхасы культурæйæ; зоной мадæлон æвзаджы ахадындзинад, йæ ахуыр кæныны истори, йæ диалекттæ æмæ ныхасыздæхтытæ; æвзаджы фысгæ æмæ дзургæ формæтæ, баст ныхас цавæр у æмæ, йæ рæзын кæныны куыст цы æмбарынæдтыл æнцой кæны, уый æ. а. д.

2. 9-æм къласы кæрон ахуырдзаутæ хъуамæ арæхсой:
– фонетикон, дзырдарæзтон, лексикон, морфологион, синтаксисон æвзæрст кæнынмæ;
- алыхуызон вазыгджын хъуыдыйæдтæ аразынмæ, тексты мидис æмæ стилистикон ахуырстмæ гæсгæ хъуыдыйæдтæ раст аразынмæ;
- тексты стиль æмæ функционалон хуыз иртасынмæ;
- литературон æвзаджы нормæтæм хъус даргæйæ, хи ныхас аразын.

*Орфографийæ:* Орфографи æмæ морфологийы фæрстытæ хуыздæр бамбарыны тыххæй скъоладзаутæ хъуамæ раздæр базоной дзырдты мырон конд, мырты ивынад, ома фонетикæйы фæрстытæ.
Æнæ рæдыдæй фыссынæн стыр æхххуыс у дзырдты арæзт зонын. Дзырдарæзты фæрстытыл æнцой кæнын хъæуы, ныхасы хæйттæ ахуыргæнгæйæ дæр. Æргом здахын хъæуы дзырдæн йæ уидаг, фæсæфтуан æмæ кæрон агурынмæ, æмуидаг дзырдтæ хъуыды кæнынмæ.

*Пунктуацийæ.* Хъуыдыйæдты хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ æвæрын, 5-9 кълæсты пунктуацион æгъдæуттæй пайда кæнынæ арæхсын, пунктуацион рæдыдтытæ ссарын, раст сæ кæнын; хъуыдыйад пунктуацион æвзæрст кæнын.

*Орфографийæ.* Рацыд орфограммæ ссарын зонын, цы дзырды æмбæлы, уый раст фыссын; дзырды растфыссынад бацамонын; орфографион рæдыд ссарын, бацамонын æй; дзырды орфографион анализ; 5-9 кълæсты цы раиртæстытимæ базонгæ сты, уыдон зонын, пайда кæнынмæ сæ арæхсын.

*Ныхасы рæзтæй.* Ныхасы алыхуызон стильтæ æмæ хуызтæм гæсгæ тексттæ аразын; текст кæронмæ фыссын; дыгурон диалектыл фыст текстты мидис æмбарын кæнын; тексты стиль бæрæг кæнын; текстæн конспект, тезистæ, рецензи фыссын; литературон-критикон уацхъуыдæй (кæнæ стыр уацхъуыды хайæ) конспект æмæ тезистæ аразын; сочиненитæ фыссын публицистикон темæйыл; хъуыддаджы гæххæттытæ (курдиат, автобиографи, суагъæ) фыссын; сочиненийы мидис æмæ æвзаг хуыздæр кæнын; диалогтæ аразын; тексты алыхуызон рæдыдтытæ агурын æмæ сæ раст кæнын.

***Иронæвзаг ахуыр кæныны фæстиуджытæ:***

5-10-æм кълæсты ахуырдзаутæ хъуамæ фæцалх уой ахæм архæйдтытыл:

дзургæйæ æмæ фысгæйæ сæ хъуыдытæ раст æргом кæнын;

хи хъуыдытæ логикон æгъдауæй рацаразынмæ, хи хъуыдыйы растдзинад бахъахъхъæнынмæ;

ахуырты сæ æнæмæнг чи хъæуы, ахæм информаци ссарынмæ, системон æгъдауæй йыл бакусынмæ;

иртасæн куыстмæ, алыхуызон иртасæн куыстыты архайынмæ, эксперименталон куыст кæнынмæ; хи куысты фæстиуджытæ бахынцынмæ; ахуырадон хæстæ сбæрæг кæнынмæ;

ныхас цы фарстайыл цæуы, уый фæдыл аргументтæ æрхæссынмæ, хатдзæгтæ скæнынмæ.

Архайын хъæуы, цæмæй сывæллæттæ, дзуапп цæттæ кæнгæйæ, арæхсой сæхи фæлтæрддзинадæй, сæхи æмæ сæ бинонты цардæй ист æрмæгæй пайда кæнынмæ; уавæртæм гæсгæ пайда кæной сæ райгуырæн хъæу, горæт кæнæ æрдзимæ баст æрмæджытæй.

Ахуыры рæстæг пайда кæнын хъæуы алыхуызон цæстуынгæ æрмæгæй: таблицæтæй, карточкæтæй, нывтæй, аудиоæрмæгæй, диафильмтæй, компьютерæй.

Уроктæй уæлдай ма кæнын хъæуы консультацитæ, семинарон ахуыртæ, беседæтæ; пайда кæнын фæсурокты куысты хуызтæй: интеллектуалон хъæзтытæй, олимпиадæтæй, экскурситæй; пайда кæнын, скъоладзаутæн ирон æвзаг æмæ сæ фыдæлты царды уаг хуыздæр базонынæн æххуыс чи у, ахæм мадзæлттæй.

| Ахуыры фæстиуджытæ | |
|---|---|
| ***5-10 кълæсты скъоладзаутæ хъуамæ сахуыр уой:*** <br><br> • ахуыргæнæн чингуытæй, алыхуызон бæрæгуæттæй æмæ дзырдуæттæй, информацион фæрæзтæй, Интернетæй хъæугæ æрмæг исын; <br> • текст анализ кæнын, бакаст æрмæгимæ кусын; <br> • бакаст текст раст æмбарын, рацаразын æй зонын; <br> • сæ функционалон нысаниуæгмæ гæсгæ алыхуызон тексттæ æвзарын (таурæгъон, æрфыстон, тæрхон); <br> • диалог æмæ полилогы архайын; ныхасы уавæртæм гæсгæ хи ныхас рацаразын; литературон æвзаг æмæ ирон ныхасы этикетон нормæтæм гæсгæ хи монологон ныхас аразын, хи æмæ искæй рæдыдтытæ раст кæнын; <br> • текст анализ кæнын: тексты темæ æмæ сæйраг хъуыды, тексты функционалон хуыз, йæ жанр, стилистикон хицæндзинад иртасын; | ***10-æм къласы рауагъдон хъуамæ арæхса:*** <br><br> • *хи æмæ искæй ныхасæн анализ кæнынмæ: ныхасы уавæртæм гæсгæ арæзт у æвинæ, ныхасы нысанæн дзуап дætты æви нæ; кæд нæ, уæд цæуылнæ;* <br> • *конспект, отзыв, тезистæ, реферат, уацхъуыд, рецензи, доклад, интервью, очерк, резюме æмæ æнд. жанрты тексттæ фыссынмæ;* <br> • *æвзаджы* |

| | |
|---|---|
| • ирон æвзаджы иуæгтæ, кæрæдзийæ сæ раст иртасын, сæ хицæндзинæдтæ зонын;<br>• дзырдæн фонетикон æмæ орфоэпион анализ кæнын;<br>• дзырд уæнгтыл раст дих кæнын, иу рæнхъæй йæ иннæмæ раст хæссын;<br>• ирон æвзаджы акцентологон нормæтæ, интонаци æмæ цавды æгъдæуттæ;<br>• дзырд морфемон æмæ дзырдарæзтон æвзæрст кæнын;<br>• дзырд лексикон анализ кæнын;<br>• лексикон аивгæнæн мадзæлттæ (метафорæ, эпитет, абарст, гиперболæ, олицетворени) иртасын, ныхасы мидæг сæ пайда кæнын;<br>• сæрмагонд æмæ æххуысгæнæг ныхасы хæйттæ кæрæдзийæ иртасын;<br>• дзырд морфологион анализ кæнын;<br>• синтаксисы иуæгтæ анализ кæнын (дзырдбаст, хъуыдыйад, текст);<br>• дзургæ æмæ фысгæ ныхасы арæзты сæйраг нормæтæ;<br>• фысгæйæ æнцой кæнын ирон æвзаджы орфографион æмæ пунктуацион нормæтыл;<br>• пайда кæнын ирон æвзаджы орфографион дзырдуатæй. | *аивгæнæн мадзæлттæй раст пайда кæнын;*<br>• *дзырдтæ алыхуызон æвзæрст кæнынмæ;*<br>• *текст иумæйаг æвзæрст кæнынмæ;*<br>• *хи æмæ искæй ныхасы рæдыдтытæ раст кæнынмæ;*<br>• *хи размæ нысан æвæрынмæ, нысан къухы бафтынæн цы хъæуы, уый сбæлвырд кæнынмæ;*<br>• *хибарæй ахуыр кæнынмæ, хиуыл кусынмæ.* |

***8-æм къласы ахуырдзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ предметæй***

*Скъоладзаутæ хъуамæ зоной:*

– 8-æм къласы æвзагæй цы темæтæ сахуыр кодтой, уыдонæн сæ сæйрагдæрты раиртæстытæ;
– дзырдбасты нысаниуæг;
– домгæ бастдзинады хуызтæ дзырдбасты;
– дзырдбасты хуызтæ сæйраг дзырды морфологион арæзтмæ гæсгæ;
– дзырдты рæнхъæвæрд хъуыдыйады;
– хуымæтæг хъуыдыйады интонацион арæзт;
– сæйраг æмæ фæрссаг уæнгты морфологион арæзт;
– зæгъинаджы хуызтæ;
– фæрссаг уæнгты нысаниуджытæ;
– иувæрсыг хъуыдыйæдты хуызтæ æмæ сæ грамматикон æууæлтæ;
– æнæххæст хъуыдыйæдты арæзт;
– хъуыдыйады æмхуызон уæнгты бастдзинады фæрæзтæ æмæ иугæнæг дзырдæ æмхуызон уæнгтимæ;
– иртæстгонд уæнгты хуызтæ;
– сидæнтæ, бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытæ;
– комкоммæ æмæ фæрссаг ныхасы арæзт;
– литературон ныхасы домæнтæ;
– ирон æмæ дыгурон диалектты иуæй-иу грамматикон хицæндзинæдтæ.
– пунктуацийы æгъдæуттæ;
– тексты арæзт æмæ хуызтæ.

*Скъоладзаутæ хъуамæ арæхсой:*

– дзырдбæстытæ æмæ хъуыдыйæдтæ (иувæрсыг æмæ дывæрсыг) аразынмæ;
– вазыгджынгонд хуымæтæг хъуыдыйæдтæ аразынмæ;
– хуымæтæг иувæрсыг æмæ дывæрсыг хъуыдыйæдтæ, хъуыдыйæдтæ комкоммæ ныхасимæ синтаксисон æвзæрст кæнынмæ;

– ныхасы мидис æмæ стильтæм гæсгæ синтаксисон синонимтæй пайда кæнынмæ;
– литературон нормæтæ æххæст кæнынмæ;
– вазыгджынгонд хуымæтæг хъуыдыйады æрхæцæн нысæнттæ æвæрынмæ;
– сæйрат æмæ зæгъинаджы 'хсæн, стæй æнæххæст хъуыдыйады тире æвæрынмæ;
– хъуыдыйæдтæ цухгонд бæттæнтимæ раст хъæлæсы уагæй кæсынмæ;
– цы орфограммætæ ахуыр кодтой, уыдон амонынмæ æмæ рæдыдтытæ раст кæнынмæ;
– текст, тексты хæйттæ, ныхас, ныхасы стильтæ æмæ ныхасы хуызтæ бæрæг кæнынмæ;
– литературон-критикон уацхъуыдæй (кæнæ стыр уацхъуыды хайæ) конспект æмæ тезистæ аразынмæ;
– таурæгъон текст æххæстæй кæнæ йæ цавæрдæр хæйттæ хи ныхæстæй дзурынмæ (фыссынмæ) бынаты кæнæ исты цыртдзæвæны æрфыстимæ;
– сочинени-æрфыст фыссынмæ;
– сочиненитæ публицистикон темæтыл фыссынмæ, хи хъуыдытæ, цæстæнгас дзы æвдисгæйæ;
– фонетикон, дзырдарæзтон, лексикон, морфологион, синтаксисон æвзæрст кæнынмæ;
– дзырдуæттимæ кусынмæ.

| № | ны-мæц | Урочы темæ | сах | Урочы хуыз | Ахуыры фæстиуджытæ (ФПАС-мæ гæсгæ) | | | Ахуырадон архæйдтытæ |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | **Предметон** | **Универсалон ахуырадон архæйдтытæ** | **Удгоймагон** | |
| 1. | **6,10.09.24** | 5-7 кълæсты цы æрмæг базыдтой, уый зæрдыл æрлæууын кæнын | 2 | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын | Æрдзурын мадæлон æвзаджы ахадындзинадыл адæймаджы царды, ныхас æмæ æвзаджы хицæндзинæдтыл,. | **Коммуникативон:** ныхасмæхъусын, æмбарын æй; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ. **Регулятивон:** хи архæйдтыты фæтк хибарæй сбæлвырд кæнын; хъæугæ информаци ссарын æмæ | Мадæлон æвзаджы ахадындзианад царды; ирон æвзаджы аивдзинад æмæ йæ эстетикон тых æнкъарын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ (сочинени-хæдзармæ куыст) |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | рахицæн кæнын. **Базонæн**: æвзаджы æмбарынæдтæ зæрдыл æрлæууын кæнын | | |
| **2.** | **13.09.24** | ***Сиптаксис. Пунктуаци. Дзырдбаст.*** Дзырдбасты тыххæй рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын. Дзырдбасты хуызтæ сæйраг дзырды морфологион арæзтмæ гæсгæ «Афæдзы афонтæ» | **3** **1** | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын | Бацамонын дзырдбасты хицæндзинæдтæ, дзырдбаст аразыны мадзæлттæ | **Коммуникативон:** ныхасмæ хъусын, æмбарын æй; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ. **Регулятивон:** хи архæйдтыты фæтк хибарæй сбæлвырд кæнын; хъæугæ информаци ссарын æмæ рахицæн кæнын. **Базонæн:** æвзаджы æмбарынæдтæ зæрдыл æрлæууын кæнын | Ирон лексикæйы хъæздыгдзинад æнкъарын | Рацыд æрмæджы фæдыл беседæ; индивидуалон бафарст; фронталон бафарст |
| **.3** | **17.09.24** | Бастдзинады хуызтæ дзырдбасты. Æмарæзт. Æфтыдад. «Фæззæг» | **1** | Ног æрмæг амоныны урок | Бацамонын дзырдбасты хицæндзинæдтæ, дзырдбаст аразыны мадзæлттæ | **Коммуникативон:** ныхасмæ хъусын, æмбарын æй; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ. **Регулятивон**: хи архæйдтыты фæтк хибарæй сбæлвырд кæнын; хъæугæ информаци ссарын æмæ рахицæн кæнын. **Базонæн:** æвзаджы æмбарынæдтæ зæрдыл æрлæууын кæнын | Эстетикон æнкъарæнтæ рæзын кæнын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыст. Къордты куыст, индивидуалон куыст |
| **4.** | **20.09.24** | Хуымæтæг хъуыдыйад. | 1 | Ног æрмæг амоныны | Бацамонын хъуыдыйады | **Коммуникативон:** ныхасмæхъусын, | Ирон лексикæйы хъæздыгдзинад | Синтаксисон æвзæрстытæ, |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Хуымæтæг хъуыдыйады интонаци. Логикон цавд.<br>«Райгуырæн бæстæ» | | урок | хуызтæ сæ загъды нысан æмæ интонацимæ гæсгæ | æмбарын æй; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи архæйдтыты фæтк хибарæй сбæлвырд кæнын; хъæугæ информаци ссарын æмæ рахицæн кæнын.<br>**Базонæн**: æвзаджы æмбарынæдтæ зæрдыл æрлæууын кæнын | æнкъарын | сфæлдыстадон куыстытæ |
| **5.** | **24.09.24** | Хуымæтæг хъуыдыйад. Дзырдты рæнхъæвæрд хуымæтæг хъуыдыйады.<br>«æрдз нæ дарæг» | 1 | Комбинарон урок ныхасы рæзтыл куысты элементтимæ | Бацамонындзырдты рæнхъæвæрд хуымæтæг хъуыдыйады. | **Коммуникативон:** ныхасмæхъусын, æмбарын æй; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи архæйдтыты фæтк хибарæй сбæлвырд кæнын; хъæугæ информаци ссарын æмæ рахицæн кæнын.<br>**Базонæн**: æвзаджы æмбарынæдтæ зæрдыл æрлæууын кæнын | Индивидуалон куыст кæнынмæ æмæ къорды архайынмæ разæнгард кæнын | Рацыд æрмæджы фæдыл беседæ; индивидуалон бафарст; фронталон бафарст |
| **6.** | **27.09.24** | Бæрæг кæнæм, цы базыдтам, уый. | 1 | Фæлхат кæныны урок | | **Коммуникативон:** комкоммæ ныхас аразын, нывтæм гæсгæ хъуыдыйæдтæ аразын<br>**Регулятивон:**хи архæйдтытæм хъус дарын.<br>**Базонæн:** хи ныхас раст | Фыдыбæстæ æмæ мадæлон æвзагмæ уарзондзинад гуырын кæнын | Рацыд æрмæджы фæдыл беседæ; индивидуалон бафарст; фронталон бафарст |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | рацаразын зонын; хъуыдыйады тыххæй рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын | | |
| **7.** | **1.10.24** | Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ.сæйрат æмæ зæгъинаг. Хъуыдыйады грамматикон бындур.<br><br>« Адæм æмæ æрдз» | 1 | Ног æрмæг амоныны урок | Бацамонын хъуыдыйады сайраг уæнгтæ, базонгæ кæнын хъуыдыйады грамматикон бындуримæ | **Коммуникативон:** ныхасмæхъусын, æмбарын æй; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:**ахуырадон нысан æвæрын.<br>**Базонæн**:<br>хи ныхас раст рацаразын, проблемæ раст сбæрæг кæнын. | Мадæлон æвзаджы аивдзинад æнкъарын; орфографион нормæтæй пайда кæнынмæ тырнындзинад гуырын кæнын | Кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын |
| **8.** | **4.10.24** | Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. Сæйраты арæзт.<br><br>«Нæ ирон æгъдæуттæ» | 1 | Урок-балц | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын, фæцалх кæнын грамматикон æмбарынæдтæй ныхасы мидæг пайда кæнынæл | **Коммуникативон:** ныхасмæ хъусын, æмбарын æй; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** ахуырадон нысан æвæрын.<br>**Базонæн:**<br>хи ныхас раст рацаразын, проблемæ раст сбæрæг кæнын. | Мадæлон æвзаджы аивдзинад æнкъарын; орфографион нормæтæй пайда кæнынмæ тырнындзинад гуырын кæнын | Рацыд æрмæджы фæдыл беседæ; индивидуалон бафарст; фронталон бафарст |
| **9.** | **8.10.24** | Зæгъинаг. Зæгъинаджы хуызтæ. Хуымæтæг мивдисæгон зæгъинаг. Амад мивдисæгон зæгъинаг.<br><br>«Зæххыл кад дæр ис | 1 | Ног æрмæг амоныны урок | Бацамонын хъуыдыйады сайраг уæнгтæ, базонгæ кæнын хъуыдыйады грамматикон бындуримæ | **Коммуникативон:** искæй ныхасмæхъусын, аргъ ын кæнын; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:**хи архæйдтытæм хъус | Эстетикон æнкъарæнтæ рæзын кæнын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыст.Къордты куыст, индивидуалон куыст |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | æмæ цард дæр» | | | | дарын.<br>**Базонæн**:<br>æвзаджы æмбарынæдтæ зæрдыл æрлæууын кæнын | | |
| **10.** | **11.10.24** | Зæгъинаджы хуызтæ. Амад номон зæгъинæгтæ<br><br>«Уæздан æгъдауджын лæджы хонынц» | 1 | Ног æрмæг амоныны урок | Бацамонынзæгъин аджы хуызтæ | **Коммуникативон:** нхи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи архæйдтыты фæтк хибарæй сбæлвырд кæнын; хъæугæ информаци ссарын æмæ рахицæн кæнын.<br>**Базонæн**:<br>хи ныхас раст рацаразын, проблемæ раст сбæрæг кæнын. | Индивидуалон куыст кæнынмæ æмæ къорды архайынмæ разæнгард кæнын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ. |
| **11.** | **15.10.24** | Тире сæйрат æмæ зæгъинаджы æхсæн.<br><br>«Ирон культурæ» | 1 | Ног æрмæг амоныны урок | Бацамонын тире æвæрыны æгъдæуттæ. | **Коммуникативон:** ныхасмæхъусын, æмбарын æй; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:**хи архæйдтытæм хъус дарын.<br>**Базонæн**:<br>æвзаджы æмбарынæдтæ зæрдыл æрлæууын кæнын | Фыдыбæстæ, мадæлон æвзагмæ уарзондзинад гуырын кæнын | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын, фæцалх кæнын грамматикон æмбарынæдтæй ныхасы мидæг пайда кæнынæл |
| **12.** | **18.10.24.** | Бæрæг кæнæм, цы базыдтам, уый | 1 | Рефлекси | | **Коммуникативон:** ныхасмæхъусын, æмбарын æй; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ. | | |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | **Регулятивон:**хи рæдыдтытæ раст кæнын хи архæйдтытæн аргъ кæнын.<br>**Базонæн**:<br>хи ныхас раст рацаразын, проблемæ раст сбæрæг кæнын. | | |
| **13.** | **22.10.24** | ***Хъудыйады фæрссаг уæнгтæ***<br>Аххæстгæнæн. Йæ нысаниуæг.<br>«Æвзæгтæ.Културæ» | 7<br>1 | Ног æрмæг амоныны урок | Бакусын хъуыдыйады фæрссаг уæнгтыл,. æххæстгæнæныл | **Коммуникативон:** ныхасмæхъусын, æмбарын æй; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** хи архæйдтыты фæтк хибарæй сбæлвырд кæнын; хъæугæ информаци ссарын æмæ рахицæн кæнын.<br>**Базонæн**:<br>хи ныхас раст рацаразын, проблемæ раст сбæрæг кæнын. | Индивидуалон куыст кæнынмæ æмæ къорды архайынмæ разæнгард кæнын | Синтаксисон æвзæрстытæ.<br>Кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын.<br>Къордты куыст.<br>Сфæлдыстадон куыстытæ. |
| **14.** | **25.10.24** | Комкоммæ æмæ фæрссаг æххæстгæнæнтæ. Æххæстгæнæнты бастдзинад, цы дзырдтæ фæбæрæг кæнынц, уыдонимæ<br>«Удварны æууæлтæ» | 1 | Ног æрмæг амоныны урок | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын, фæцалх кæнын грамматикон æмбарынæдтæй ныхасы мидæг пайда кæнынл | **Коммуникативон:** хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:**хи хъуыдытæ раргом кæнынæн хъæугæ дзырдтæ ссарын.<br>**Базонæн**:<br>хи ныхас раст рацаразын. | Сфæлдыстадон куыст кæнынмæ тырнындзианд рæзын кæнын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ, предметы æрфыст цæттæ кæнын |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **15.** | **29.10.24** | Бæрæггæнæн. Цавæр ныхасы хæйттæ вæййынц бæрæггæнæнтæ. Бæрæггæнæнты бастдзинад, цы дзырдтæ фæбæрæг кæнынц, уыдонимæ<br><br>«Удварны æуужлтæ» | 1 | Ног æрмæг амоныны урок | Хуымæтæг даргъ хъуыдыйæдты синтаксисон æвзæрстытæ. | **Коммуникативон:** ныхасмæхъусын, æмбарын æй; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:**хи рæдыдтытæ раст кæнын, хи архæйдтытæн аргъ кæнын.<br>**Базонæн**: æвзаджы æмбарынæдтæ зæрдыл æрлæууын кæнын | Ныхасы темæйы бындурыл бакæнын хъомыладон куыст | Синтаксисон æвзæрстытæ. Кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын. Къордты куыст. Сфæлдыстадон куыстытæ. |
| **16.** | **5.11.24** | Æмхасæн<br><br>«Удварны æуужлтæ» | 1 | Ног æрмæг амоныны урок | æрхæцæн нысæнттæ æмхасæнимæ | **Коммуникативон:** хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:**хи хъуыдытæ раргом кæнынæн хъæугæ дзырдтæ ссарын.<br>**Базонæн**: хибарæй архайын, хи архæйдтыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын | Ныхасы темæйы бындурыл бакæнын хъомыладон куыст | Тексты пунктуацион анализ. Хъуыдыйæдтæ æмхасæнтимæ æвзарын. |
| **17.** | **8.11.24** | Фадатон дзырдтæ. Афоны фадат. Бынаты фадат.<br><br>«Чиныг зонындзинæдты къæбиц» | 1 | Ног æрмæг амоныны урок | Бацамонын фадатон дзырдты хуызта | **Коммуникативон:** хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:**хи хъуыдытæ раргом кæнынæн хъæугæ дзырдтæ ссарын.<br>**Базонæн**: хибарæй архайын, архæйдтыты хæрзхъæддзинад бæрæг | Ныхасы темæйы бындурыл бакæнын хъомыладон куыст | Къордты куыст. Сфæлдыстадон куыстытæ. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | кæнын | | |
| **18.** | **12.11.24** | Фадатон дзырдтæ. Архайды хуызы фадат. Æфсоны фадат. Нысаны фадат.<br><br>«Нæ истори, нæ рагфыдæлтæ» | 1 | Ног æрмæг амоныны урок | Бацамонын фадатон дзырдты хуызта | **Коммуникативон:** къорды кусынмæ арæхынил кусын.<br>**Регулятивон:** хи архæйдтытæ æмæ къорды уæнгты архæйдтытæн фæтк аразын.<br>**Базонæн:** вазыгджын хъуыдыйады арæзт, хуымæтæг хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ æнкъарын | Индивидуалон куыст кæнынмæ æмæ къорды архайынмæ разæнгард кæнын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ.<br>Вазыгджын хъуыдыйæдтæй пайда кæнгæйæ, цардæй ист цауы тыххæй дзурын |
| **19.** | **15.11.24** | Бæрæг кæнæм, цы базыдтам, уый | **1** | Рефлекси | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын, фæцалх кæнын грамматикон æмбарынæдтæй ныхасы мидæг пайда кæнынил | **Коммуникативон:** ахуыргæнæг æмæ æмкъласонтимæ иумæ кусын зонын, ахуырадон диалог аразын<br>**Регулятивон:** хи архæйдтытæн фæтк аразын, раст сæ кæнын, сæ фæстиуджытæ равзарын зонын<br>**Базонæн**: комкоммæ ныхас цы хъуыдыйæдты ис, уыдоны арæзт æмбарын, ахæм хъуыдыйад саразын зонын. | Хи ныхасы хъæд аивдæр кæнынмæ тырныдзинадыл куыст | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ |
| | **19.11.24** | ***Иувæрсыг хъуыдыйæдтæ***.<br><br>Иувæрсыг | **7** | Ног æрмæг амоныны | Лæмбынæгдар æрлæууын иувæрсыг хъуыдыйæдты | **Коммуникативон:** ахуыргæнæг æмæ æмкъласонтимæ иумæ кусын зонын, ахуырадон диалог аразын | Сфæлдыстадон куыст кæнынмæ тырныдзиинад рæзын кæнын | Фысгæ ныхасы рæзтыл куыст.Кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **20.** | | хъуыдыйæдты дыууæ къорды.<br><br>«Удварны æууæлтæ» | **1** | урок | хуызтыл | **Регулятивон:**<br>хи архæйдтытæн фæтк аразын, раст сæ кæнын, сæ фæстиуджытæ равзарын зонын<br>**Базонæн**:<br>комкоммæ ныхас æмæ диалогон ныхасы арæзт æмбарын, диалоджы архайын зонын | | бæрæг кæнын |
| **21.** | **22.11.24** | Бæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ.<br><br>«Райгуырæн зæххы ад» | **1** | Ног æрмæг амоныны урок | Бакусын бæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдтыл | **Коммуникативон:** хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ; мадæлон æвзаджы аивгæнæн мадзæлттæй пайда кæнгæйæ, монологон ныхас аразын.<br>**Регулятивон:**хи хъуыдытæ раргом кæнынæн хъæугæ дзырдтæ ссарын.<br>**Базонæн**:<br>хи ныхас раст рацаразын. | Хи ныхасы хъæд аивдæр кæнынмæ тырнын.Ныхасы темæйы бындурыл бакæнын хъомыладон куыст. | Фысгæ ныхасы рæзтыл куыст.<br>Кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын |
| **22.** | **26.11.24** | Æбæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæтæ.<br><br>«Нæ фыдæлты хæзна» | **1** | Ног æрмæг амоныны урок | Бакусын æбæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдтыл | **Коммуникативон;**<br>фæрстытæ æвæрын зонын быцæу кæнын зонын<br>хи хъуыдытæ æргом кæнын зонын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, ахуыры фæстиуджытæ рагацау сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн**:хи архæйдтыты рефлексии; | Хи ныхасы хъæд аивдæр кæнынмæ тырнын.<br><br>Ныхасы темæйы бындурыл бакæнын хъомыладон куыст | Къордты куыст.<br>Сфæлдыстадон куыстытæ. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | хи хъуыдытæ (зонындзинæдтæ) логикон æгъдауæй равæрын. | | |
| **23.** | **29.11.24** | Иумæйагцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ.<br><br>«æмбисондхæссæг-зондамонæг» | **1** | Урок-практикум | Бакусын иумæйагцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдтыл | **Коммуникативон;**<br>хи хъуыдытæ æргом кæнын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн**:хи архæйдтыты рефлексии;<br>хи хъуыдытæ (зонындзинæдтæ) логикон æгъдауæй равæрын. | Раст фыссын æмæ раст дзурынил архайын.<br>Ныхасы темæйы бындурыл бакæнын хъомыладон куыст | Фысгæ ныхасы рæзтыл куыст.<br><br>Кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын |
| **24.** | **3.12.24** | Æнæцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ.<br><br>«Нæ лымæн цæрæгойты дуне» | **1** | Ног æрмæг амоныны урок | Бакусын æнæцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдтыл | **Коммуникативон:**<br>дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хæрзхъæддзинадыл кусын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын зонын.<br>**Базонæн:**<br>фысгæ æмæ дзургæ ныхас аразгæйæ æвзаджы æгъдæуттæм æмбаргæйæ хъус дарын | Раст фыссын æмæ раст дзурынил архайын.<br>Ныхасы темæйы бындурыл бакæнын хъомыладон куыст | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ; тексты анализ |
| **25.** | **6.12.24** | Номхуындон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ.<br><br>«Нæ рагфыдæлты | **1** | Ног æрмæг амоныны урок | Бакусын номхуындон иувæрсыг хъуыдыйæдтыл. | **Коммуникативон:**<br>дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хæрзхъæддзинадыл кусын.<br>**Регулятивон:** | Хи дзырдуат фæхъæздыгдæр кæнынмæ тырнын | Къордты куыст, индивидуалон куыст |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | цард» | | | | ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын зонын.<br>**Базонæн:**<br>фысгæ æмæ дзургæ ныхас аразгæйæ æвзаджы æгъдæуттæм æмбаргæйæ хъус дарын | | |
| **26.** | **10.12.24** | Иувæрсыг хъуыдыйæдтæй цы базыдтам, уый бафидар кæнын.<br><br>«Удварны æууæлтæ» | **1** | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын | | **Коммуникативон:** дзургæ æмæ фысгæ ныхас раст кæнын.<br>**Регулятивон:** ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн:** дзырдуæттæй пайда кæнын; анализ и синтез кæнын. | Ирон æвзаг ахуыр кæнынмæ разæнгарддзинад рæзын кæнын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ; тексты анализ |
| **27.** | **13.12.24** | Бæрæг кæнæм, цы базыдтам, уый | **1** | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын | | | | |
| **28.** | **17.12.24** | Æххæст æмæ æнæххæст хъуыдыйæдтæ.<br><br>«Удварны хæзнатæ» | **1** | Ног æрмæг амоныны урок | Бакусын æххæст æмæ æнæххæст хъуыдыйæдтыл. | **Коммуникативон:** дзургæ æмæ фысгæ ныхас раст кæнын.<br>**Регулятивон:** ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн:** дзырдуæттæй пайда кæнын; анализ и синтез кæнын. | Хи ныхасы хъæд аивдæр кæнынмæ тырнын | . Сфæлдыстадон куыстытæ. |
| | **20.12.24** | ***Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ***<br><br>Хъуыдыйады | **7** | | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын, хи ныхасы мидæг рацыд æвзаджы | **Коммуникативон:** дзургæ æмæ фысгæ ныхас раст кæнын.<br>**Регулятивон:** | Хи дзырдуат фæхъæздыгдæр кæнынмæ тырнын | Сфæлдыстадон куыстытæ. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **29.** | | æмхуызон уæнгтытыххæй æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.<br><br>«Мæ райгуырæн хъæу» | **1** | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын | иуæгтæй пайда кæнынил ахуыр кæнын; рæдыдтытæ раст кæнынил архайын | ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн:**<br>дзырдуæттæй пайда кæнын; анализ и синтез кæнын. | | |
| **30.** | **24.12.24** | Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ<br><br>«Ирыстоны историон цыртдзæвæнтæ» | **1** | Ног æрмæг амоныны урок | Бакусын хъуыдыйады æмхуызон уæнгтыл | **Коммуникативон:** дзургæ æмæ фысгæ ныхас раст кæнын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн:**<br>æфсоны-фæстиуæджы ахастытæ æргом кæнын; текст-тæрхон аразын. | Хи дзырдуат аивдæр кæнынмæ тырнын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ |
| **31.** | **27.12.24** | Бæттæгтæ хъуыдыйады æмхуызон уæнгтимæ.<br><br>«Удварны хæзнатæ» | **1** | Ног æрмæг амоныны урок | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын, фæцалх кæнын грамматикон æмбарынæдтæй ныхасы мидæг пайда кæнынил | **Коммуникативон;** фæрстытæ æвæрын зонын быцæу кæнын зонын<br>хи хъуыдытæ æргом кæнын зонын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, ахуыры фæстиуджытæ рагацау сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн**:хи архæйдтыты рефлексии;<br>хи хъуыдытæ (зонындзинæдтæ) логикон æгъдауæй равæрын. | Сфæлдыстадон куыст кæнынмæ тырнындзианд рæзын кæнын | Синтаксисон æвзæрстытæ. Кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын. Къордты куыст. Сфæлдыстадон куыстытæ. |
| **32.** | **14.01.25** | Æмхуызон æмæ алыхуызон | **1** | Урок-беседæ | Бацамонын æмхуызон æмæ | **Коммуникативон:** дзургæ æмæ фысгæ ныхас | Ныхасы темæйы бындурыл бакæнын | Сфæлдыстадон куыстытæ. Къордты |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | бæрæггæнæнтæ.<br><br>«Удварны хæзнатæ»<br><br>«Ирыстоны историон цыртдзæвæнтæ» | | | алыхуызон бæрæггæнæнтæ | раст кæнын.<br>**Регулятивон:** ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн:** дзырдуæттæй пайда кæнын; анализ и синтез кæнын. | хъомыладон куыст,тексттæн монон-эстетикон æгъдауæй аргъ кæнын. | куыст. |
| **33.** | **17.01.25** | Æмхуызон уæнгты иугæнæг дзырдтæ. Æрхæцæн нысæнттæ иугæнæг дзырдтимæ.<br><br>«Мæргъты цардæй» | **1** | Ног æрмæг амоныны урок | Бацамонын æмхуызон уæнгты иугæнæг дзырдты æрхæцæн нысæнтты æгъдæуттæ | **Коммуникативон;** фæрстытæ æвæрын зонын быцæу кæнын зонын хи хъуыдытæ æргом кæнын зонын.<br>**Регулятивон:** ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, ахуыры фæстиуджытæ рагацау сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн:** хи архæйдтыты рефлексии;<br>хи хъуыдытæ (зонындзинæдтæ) логикон æгъдауæй равæрын. | Хи ныхасы хъæд аивдæр кæнынмæ тырнын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ |
| **34.** | **21.01.25** | Бæрæг кæнæм, цы базыдтам, уый. | **1** | Рефлекси | | **Коммуникативон:** къорды кусын; хи æмæ искæй ныхас раст кæнын.<br>**Регулятивон:** къорды ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн:** дзырдуæттæй пайда кæнын; анализ и синтез кæнын. | Хибарæй архайын, хи архæйдтыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын | Къордты куыст, индивидуалон куыст |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **35.** | **24.01.25** | ***Сидæнтæ, бавæргæ дзырдтæ æмæ æвæстхъæртæ***<br><br>Хъуыдыйæдтæ сидæнтимæ.Æрхæц æн нысæнттæ сидæнтимæ.<br><br>«Удварны æууæлтæ» | **8**<br><br>**1** | Ног æрмæг амоныны урок | Бацамонын сидæны тыххæй æмбарынад, сидæны бынат хъуыдыйады | **Коммуникативон:** хи æмæ искæй ныхас раст кæныныл архайын.<br>**Регулятивон:** ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, ахуыры фæстиуджытæ рагацау сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн:** анализ и синтез кæнын; хи архæйдтыты рефлекси; хи хъуыдытæ (зонындзинæдтæ) логикон æгъдауæй равæрын. | | |
| **36.** | **28.01.25** | Æрхæцæн нысæнттæ хъуыдыйæдты сидæнтимæ.<br><br>«Æрдз Хуыцауæй адæймагыл фæдзæхст у» | **1** | Ног æрмæг амоныны урок | Бацамонын сидæны бынат хъуыдыйады.Æрх æцæн нысæнтты æвæрыны фæтк. | **Коммуникативон;** фæрстытæ æвæрын зонын быцæу кæнын зонын хи хъуыдытæ æргом кæнын зонын.<br>**Регулятивон:** ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, ахуыры фæстиуджытæ рагацау сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн:** хи архæйдтыты рефлексии; хи хъуыдытæ (зонындзинæдтæ) логикон æгъдауæй равæрын. | Сфæлдыстадон куыст кæнынмæ тырныдзиандæ рæзын кæнын | Сидæнтимæ хъуыдыйæдтæ аразын |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **37.** | **31.01.25** | Бавæргæ арæзтытæ. Æрхæцæн нысæнттæ бавæргæ арæзтытимæ.<br><br>«Ирыстоны историон цыртдзæвæнтæ» | **1** | Ног æрмæг амоныны урок | Бацамонын бавæргæ арæзтытæ,æрхæцæн нысæнтты æвæрыны фæтк. | **Коммуникативон:** хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:**хи хъуыдытæ раргом кæнынæн хъæугæ дзырдтæ ссарын.<br>**Базонæн**:<br>хи ныхас раст рацаразын. | Хи ныхасы хъæд аивдæр кæнынмæ тырнын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ, предметы æрфыст цæттæ кæнын |
| **38.** | **4.02.25** | Бахæсгæ арæзтытæ. Æрхæцæн нысæнттæ бахæсгæ арæзтытимæ.<br><br>«Дун-дуне-нæ алфæмблай» | **1** | Ног æрмæг амоныны урок | Бацамонын бахæсгæ арæзтытæ, æрхæцæн нысæнтты æвæрыны фæтк. | **Коммуникативон:**<br>хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, ахуыры фæстиуджытæ рагацау сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн**:<br>хи архæйдтыты рефлекси;<br>хи хъуыдытæ (зонындзинæдтæ) логикон æгъдауæй равæрын. | Къорды кусынмæ разæнгард кæнын | Къордты куыст, индивидуалон куыст |
| **39.** | **7.02.25** | Бæрæг кæнæм, цы базыдтам, уый | **1** | Фæлхат кæныны урок | | **Коммуникативон;**<br>фæрстытæ æвæрын зонын быцæу кæнын зонын хи хъуыдытæ æргом кæнын зонын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, ахуыры фæстиуджытæ рагацау сбæрæг кæнын. | Ирон æвзаг ахуыр кæнынмæ разæнгарддзинад хъомыл кæнын | |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | **Базонæн**:хи архæйдтыты рефлекси;<br>хи хъуыдытæ (зонындзинæдтæ) логикон æгъдауæй равæрын. | | |
| **40.** | **11.02.25** | Бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытæ.<br><br>«Ирыстоны историон цыртдзæвæнтæ» | **1** | Комбинарон урок | Бацамонын бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытæ | **Коммуникативон;**<br>фæрстытæ æвæрын зонын быцæу кæнын зонын<br>хи хъуыдытæ æргом кæнын зонын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын,<br>ахуыры фæстиуджытæ рагацау сбæрæг кæнын.<br>**Базонæн**: хи архæйдтыты рефлекси;<br>хи хъуыдытæ (зонындзинæдтæ) логикон æгъдауæй равæрын. | Хи ныхасы хъæд аивдæр кæнынмæ тырнын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ |
| **41.** | **14.02.25** | Рацыд æрмæг бафидар кæнын.<br><br>«Ирыстоны историон цыртдзæвæнтæ» | **1** | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын, фæцалх кæнын грамматикон æмбарынæдтæй ныхасы мидæг пайда кæныныл | **Коммуникативон:**<br>хи хъуыдытæ раргом кæнынæн цы æвзаджы иуæгтæ хъæуы, уый æмбарын, равзарын сæ зонын<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтытæ бæлвырд кæнын, иу архайдæй иннæмæ рахизын зонын<br>**Базонæн**:<br>иумæйаг æмæ сæрмагонд номдарты ахадындзинад | Хи ныхасы хъæд аивдæр кæнынмæ тырнын | Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл куыстытæ.<br>Иумæйаг æмæ сæрмагонд номдартæй пайда кæнгæйæ, цардæй ист цауы тыххæй таурæгъон текст аразыныл кусын. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | æмбарын | | |
| **42.** | **18.02.25** | Бæрæг кæнæм, цы базыдтам, уый | | Рефлекси | | **Коммуникативон:**хи хъуыдытæ раргом кæнынæн цы æвзаджы иуæгтæ хъæуы, уый æмбарын, равзарын сæ зонын<br>**Регулятивон:** ахуырадон архæйдтытæ бæлвырд кæнын, иу архайдæй иннæмæ рахизын зонын<br>**Базонæн**:хи архæйдтыты рефлекси;хи хъуыдытæ (зонындзинæдтæ) логикон æгъдауæй равæрын. | Раст фыссын æмæ раст дзурыныл архайын | Рацыд æрмæджы фæдыл беседæ; индивидуалон бафарст; фронталон бафарст; дидактикон хъазт |
| **43.** | **21.02.25** | ***Хъуыдыйады иртæстгонд уæнгтæ***<br>Хъуыдыйады иртæстгонд уæнгты тыххæй æмбарынад.<br>« Æрдз Хуыцауæй адæймагыл фæдзæхст у!» | **4**<br>**1** | Ног æрмæг амоныны урок | Бацамонын хъуыдыйады иртæстгонд уæнгты тыххæй æмбарынад. | **Коммуникативон:** искæй ныхасмæ хъусын, аргъ ын кæнын; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** ахуырадон архæйдтытæ бæлвырд кæнын, иу архайдæй иннæмæ рахизын зонын<br>**Базонæн:** æвзаджы æмбарынæдтæ зæрдыл æрлæууын кæнын | Хибарæй кусынмæ, хибарæй зонындзинæдтæ исынмæ тырнын | Синтаксисон æвзæрстытæ.<br>Кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын.<br>Къордты куыст. Сфæлдыстадон куыстытæ. |
| **44.** | **25.02.25** | Иртæстгонд бæрæггæнæнтæ æмæ | **1** | Урок-балц | Фæцалх кæнын иртæстгонд бæрæггæнæнтæ | **Коммуникативон:**искæй ныхасмæ хъусын, аргъ ын кæнын; хи хъуыдытæ | Ирон æвзаг ахуыр кæнынмæ разæнгарддзинад | Кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | æмхасæнтæ.<br><br>«Удварны миниуджытæ» | | | æмæ иртæстгонд æмхасæнтæ кæрæдзийæ иртасынил | æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** ахуырадон архæйдтытæ бæлвырд кæнын, иу архайдæй иннæмæ рахизын зонын<br>**Базонæн:**æвзаджы æмбарынæдтæ зæрдыл æрлæууын кæнын | хъомыл кæнын | бæрæг кæнын |
| **45.** | **28.02.25** | Иртæстгонд фадатон дзырдтæ.<br><br>«Æрдз æмæ адæймаджы' хсæн гармони (бастдзинад) | **1** | Урок-практикум | Бацамонын хъуыдыйады иртæстгондфадатон дзырдтæ | **Коммуникативон:**искæй ныхасмæ хъусын, аргъ ын кæнын; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** ахуырадон архæйдтытæ бæлвырд кæнын, иу архайдæй иннæмæ рахизын зонын<br>**Базонæн:** иртæстгонд уæнгтæ зæрдыл æрлæууын кæнын | Хибарæй кусынмæ, хибарæй зонындзинæдтæ исынмæ тырнын | Дидактикон хъазт; дзырдбыдтæ æххæст кæнын; тексты анализ |
| **46.** | **4.03.25** | Бæрæг кæнæм, цы базыдтам, уый. | **1** | Рефлекси | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын, фæцалх кæнын грамматикон æмбарынæдтæй ныхасы мидæг пайда кæнынил | **Коммуникативон:**искæй ныхасмæ хъусын, аргъ ын кæнын; хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:** ахуырадон архæйдтытæ бæлвырд кæнын, иу архайдæй иннæмæ | Хибарæй кусынмæ, хибарæй зонындзинæдтæ исынмæ тырнын | Морфологион æвзæрстытæ; дзырдбæстытæ æмæ хъуыдыйæдтæ аразынил куыст |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | рахизын зонын<br>**Базонæн:**иртæстгонд уæнгтæ зæрдыл æрлæууын кæнын | | |
| **47.** | **11.03.25** | ***Комкоммæ æмæ фæрссаг ныхас***<br><br>Комкоммæ æмæ фæрссаг ныхас.<br><br>«Æрдз на дарæг» | **5**<br><br>**1** | Ног æрмæг амоныны урок | Равзарын тексты хуызтæ, æрфыстон тексты æууæлтæ; бацæттæ кæнын текстмæ хæстæг изложении фыссынмæ | **Коммуникативон:** хи хъуыдытæ æргом кæнын ныхасы нысан æмæ уавæрмæ гæсгæ.<br>**Регулятивон:**хи хъуыдытæ раргом кæнынæн хъæугæ дзырдтæ ссарын.<br>**Базонæн**:<br>хи ныхас раст рацаразын. | Сфæлдыстадон куыст кæнынмæ разæнгарддзинад | Текстæн пълан аразыныл куыст; пъланмæ гæсгæ текст хи ныхæстæй радзурын; хи текст фыссын |
| **48.** | **14.03.25** | Æрхæцæн нысæнттæ комкоммæ ныхасы. «Удварны миниуджытæ» | 1 | Ног æрмæг амоныны урок | Бацамонын комкоммæ ныхасы æрхæцæн нысæнтты æвæрыны фæтк | **Коммуникативон:**<br>хи хъуыдытæ раргом кæнынæн пайда кæныныл архайын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтытæ бæлвырд кæнын, иу архайдæй иннæмæ рахизын зонын<br>**Базонæн:**<br>æвзагон хицæндзинæдтæ иртасын | Хибарæй кусынмæ, хибарæй зонындзинæдтæ исынмæ тырнын | Къордты куыст, индивидуалон куыст |
| **49.** | **18.03.25** | Диалог. Цитатæ. Æрхæцæн диалог æмæ цитатæйы «Удварны миниуджытæ» | 1 | Ног æрмæг амоныны урок | Бацамонын диалог, цитатæ,æрхæцæн нысæнтты æвæрыны фæтк | **Коммуникативон:**<br>хи хъуыдытæ раргом кæнынæн пайда кæныныл архайын.<br>**Регулятивон:**<br>ахуырадон архæйдтытæ бæлвырд кæнын, иу архайдæй иннæмæ рахизын зонын | Иртасæн куыстытæ æххæст кæнынмæ тырнын | Тексты анализ; темæмæ гæсгæ æнцойгæнæн схемæтæ æмæ таблицæтæ цæттæ кæнын |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | **Базонæн:** æвзагон хицæндзинæдтæ иртасын | | |
| **50.** | **21.05..25** | Бæрæг кæнæм, цы базыдтам, уый | 1 | рефлекси | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын, фæцалх кæнын грамматикон æмбарынæдтæй ныхасы мидæг пайда кæныныл | **Коммуникативон:** хи хъуыдытæ æргом кæнын, искæй хъуыдытæм хъусын, аргъ сын кæнын. **Регулятивон:** ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, æмкъласонтимæ иумæ архайын, хибарæй ног ахуырадон архадмæ рахизын. **Базонæн:** æвзаджы иуæгтæн анализ кæнын, дзырдты æмæ хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ аразын | Раст фыссын æмæ раст дзурыныл архайын | Морфологион æвзæрстытæ; интернеты æрмæгимæ кусын |
| **51.** | **23.05.25** | Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын | **1** | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын, хи ныхасы мидæг рацыд æвзаджы иуæгтæй пайда кæнынил ахуыр кæнын; рæдыдтытæ раст кæнынил архайын | **Коммуникативон:** хи ныхас аразын, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнын **Регулятивон:** ахуырадон архæйдтыты фæтк сбæрæг кæнын, æмкъласонтимæ иумæ архайын, хибарæй ног ахуырадон архадмæ рахизын **Базонæн:** æвзаджы иуæгтæн анализ кæнын, дзырдты æмæ хъуыдыйæдты хсæн ахастытæ аразын | Хи ныхасы хъæд аивдæр кæнынмæ тырнын | Рацыд æрмæджы фæдыл беседæ; индивидуалон бафарст; фронталон бафарст. Кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | **68** | | | | | |